



Pou Piblikasyon Imedya: 02/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AP PIBLIYE NOUVO PSA POU SOULINYE DANJE TRANSMISYON COVID-19 ATRAVÈ 'PWOPAGASYON NAN SALON'

Done sou trasaj kontak New York montre 70 pousan nouvo ka COVID-19 yo rive nan fanmi yo ak nan ti rasanbleman yo

Konsilte nouvo PSA a [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a piblikasyon yon nouvo Anons sou Sekitite Piblik (Safety Public Safety Announcement, PSA) ki soulinye danje "transmisyon nan salon" COVID-19 la. Dènye done sou trasaj kontak yo montre ke 70 pousan nouvo ka COVID-19 yo soti nan fanmi yo ak nan ti rasanbleman yo. Kòm kantite nouvo ka yo kontinye ogmante nan tout nasyon an, PSA a ankouraje Nouyòkè yo evite rasanbleman pou kenbe tèt yo ak pwòch yo an sante.

"Se pa sèlman gwo rasanbleman yo ki lakòz pwopagasyon an ankò. Viris la ap pwopaje kounye a nan fanmi yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou eliminte lòt opsyon pou sosyalizasyon yo, moun yo pral chanje konpòtman yo epi yo pral kòmanse rasanble ansanm nan lakay yo. Nou ap obsève enpak sa kounye a, avèk yon kantite ka siyifikatif ki soti nan fanmi yo ak nan ti rasanbleman yo. Mwen konnen ou gendwa panse, 'mwen lakay mwen avèk fanmi mwen epi avèk zanmi mwen kidonk sa se zòn sekirite mwen', men sa jis senpleman pa reyalite a ankò. Pandan nou ap avanse nan ivè a, adrese pwopagasyon nan salon yo pral youn nan pi gwo defi nan konba kont COVID-19 la, epi nou kapab fè sa, men sèlman si Nouyòkè yo rete entèlijan."

Pandan ke New York kontinye mentni youn nan pousantaj enfeksyon ki pi ba nan Etazini, evite ti rasanbleman ak pratike konpòtman ki san danje tankou pote mask, lave men ak kenbe distans sosyal, toujou enpòtan pandan ka COVID-19 yo kontinye ap ogmante nan tout nasyon an.

Pi bonè semè sa a, [Gouvènè a te anonse plan Eta a pou konbat COVID-19 pandan ivè sa a](#). Plan sa a, ke yo te devlope an konsiltasyon avèk ekspè sante piblik mondyal yo, gouvènman lokal yo ak lòt aktè yo, fonde sou leson yo te aprann pandan nèf mwa pase yo pou antisipe epi prepare pou yon ogmantasyon yo prevwa nan ka COVID ak pasyan ki ap entène yo pandan sezon fèt la.

Espesyalman, plan ivè a genyen senk estrateji sible yo, ki konsantre sou redwi pwopagasyon viris la ak sou ankouraje preparasyon Eta New York la, gen ladan:

- Kontinye epi ranfòse Estrateji Mikwo-Gwoupman Sible New York (New York's Targeted Micro-Cluster Strategy) la pandan yo ap Jere Kapasite Lopital yo pou Amelyore ak Inifòmize swen yo;
- Ogmante epi Ekilibre Resous ak Disponibilite tè s yo;
- Kenbe Lekòl yo Ouvè an tout Sekirite;
- Anpeche Pwopagasyon Viris la nan ti Rasanbleman yo; epi
- Operasyonalize yon Pwogram Vaksinasyon ki Ekitab epi ki san Danje

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)